



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Biwo Sipèntandan an



17 Avril 2020

Nou Salye Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange,

Mwen espere ke Resesyon/Vakans Prentan an ap mache byen pou ou. Anplis de sa, mwen te pataje avèk nou chak enpòtans swen pèsonèl nan tout twa premye semèn aprantisaj a distans la. Li trè enpòtan ke ou kontinye pran swen tèt/pèsonèl ou pandan pandemi sa a. Tout moun ki genyen enterè nan kominote a te fè yon bon travay pandan kòmansman aprantisaj a distans la. Ou merite anpil konpliman pou tenasite ou ak detèminasyon pandan peryòd sa a.

Objektif komunikasyon sa a se pou bay ou enfòmasyon ki pi ajou yo jiska prezan/dat konsènan fèmti pòt lekòl yo ak kontinyasyon aprantisaj a distans la. Jodi 16 Avril 2020 an, Gouvènè Phil Murphy te bay lòd fèmen tout lekòl NJ yo jiska 15 Me 2020. Pandan ke nou te antisipe pou kòmanse reouvè lekòl nan distri a 20 Avril (sa te baze sou dènye enfòmasyon kit e soti nan biwo Gouvènè a) tout lekòl yo ap kontinye opere vityèlman jiska 15 Me. Yèswa, nou te voye yon telefòn plongaye bay fanmi ak anplwaye yo pou asire ke ou te resevwa enfòmasyon ki pi ajou yo jiska prezan/dat. Anplis de sa, nou afiche atik ki soti nan NJ.COM anba nouvèl distri a ak anons ki endike fèmti pòt lekòl yo, men aprantisaj a distan la ap kontinye jiska 15 Me.

Nou pral kontinye ak plan aprantisaj/ansèyman a distans nou an epi kenbe ou okouran atravè platfòm/tribin komunikasyon nou nan sit entènèt distri a ansanm ak medya sosyal nou yo konsènan nenpòt ki dènye ajisteman akademik oswa operasyonèl yo.

Pou plis sipò, nou te kreye yon adres imèl [distancelearningquestions@orange.k12.nj.us](mailto:distancelearningquestions@orange.k12.nj.us) pou kesyon oswa enkyetid pandan peryòd pandemi sa a ki genyen rapò ak ansèyman oswa enkyetid teknoloji. Si genyen enkyetid tou konsènan sipò mantal oswa swen pèsonèl/ tèt ou, ou ka imèl nou tou. Nou pral bezwen lekòl ptit ou a, non pwofesè a, ansanm ak enfòmasyon pou kontakte ou. Toujou sonje, ou ta dwe toujou kontakte pwofesè ptit ou a ak / oswa direktè lekòl la kòm premye liy nan sipò yo.

Nou ankourage ke ou kontinye viziteT ab Resous KOVID-19 nou an sou sit entènèt distri a [www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us) pou resous adisyonèl pou fanmi yo sou sante mantal ansanm ak dènye nouvèl sou swen pèsonèl/ tèt ou pou elèv yo, fanmi yo, ak anplwaye yo. Nou poste/afiche sipò enstriksyonèl yo nan Tab Resous KOVID-19 la pou ba ou asistans. Kòm ou konnen deja, nou mete Tab Resous KOVID-19 la ajou chak semèn nan efò pou nou bay plis sipò pou kominote lekòl nou an.

## **Rapèl/Sonje: Orè pou Kontinyasyon Aprantisaj a Distans la ak Denye Ajisteman Konsènan Fèmti Pòt Lekòl yo**

20 Avril 2020-Aprantisaj a Distans la ap kontinye dapre lòd ki soti nan biwo Gouvènè Murphy ke tout lekòl yo ap rete fèmen jiska 15 Me. Tanpri revize Plan ke nou Re-Lanse pou Enstriksyon Lakay la nan paj sit wèb/entènèt distri a. Re-lanse plan enstriksyon lakay la genyen yon orè pou lekòl elementè ak segondè yo. Plan Re-Lanse pou Lakay la sitiye nan seksyon nouvèl distri a ak anons sou sit entènèt la.

15 Me oswa anvan sa, Gouvènè Murphy ak Komisyonè Edikasyon an Dr. Repollet pral bay gid pou lekòl distri yo konsènan kontinyasyon aprantisaj a distans la oswa re-ouvèti lekòl yo. Kòm ou konnen, nou pral fè ou jwenn enfòmasyon sa a osito ke nou resevwa li.

Yon lò fwa ankò, mwen di ou mèsi pou fleksibilite kontinyèl ou ak koperasyon ou pandan tan difisil sa a. Nou tout ansanm, nou nan menm stitiyasyon.

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Sipèntandan Lekòl yo